



SÒTI NAN DIFIKILTE FINANSYÈ RESOUS ANPLIS

PWOGRAM VIL NEW YORK

- **Sant Kapasitasyon Finansye Vil New York** ka ede w diminye dèt ou, ranfòse nòt kredi w, fè ekonomize vin fè pati woutin nou, balanse yon bidjè, ouvri yon kont an bank, separe biznis pèsonèl ak biznis finansye ak plis toujou. <https://www1.nyc.gov/site/dca/consumers/get-free-financial-counseling.page>
- **EmpoweredNYC:** Si oumenm oswa yon fanmi w gen yon andikap, EmpoweredNYC ka ede w pi byen jere finans ou epi fè w vin pi es-tab sou plan finansye. <https://www1.nyc.gov/site/dca/partners/EmpoweredNYC.page>
- **Pare pou w Lwe:** Si w ap chache yon apatman abòdab gras ak lotri lojman Vil New York la, prepare bonè enpòtan. Pare pou w Lwe ka ede w tcheke kredi w, kalkile salè w pou aplikasyon lojman an epi ekonomize pou depans demenajman yo. <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/ready-to-rent.page>

SÈVIS FINANSYÈ

- **BeneStream:** Ofri asistans enskripsyon gratis pou ede w jwenn aksè ak yon latriye avantaj piblik. <https://www.1199SEIUBenefits.org/benestream>
- **Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF):** Jwenn kijan pou w jwenn asistans finansyè tanporè (byennèt) nan eta oswa teritwa w la. <https://www.acf.hhs.gov/ofa/help>
- **Pwogram Asistans Enèji Adomisil (LIHEAP):** Jwenn fason fwaye ki gen salè fèb ka jwenn asistans finansyè nan depans chofaj ak klimatizasyon. <https://www.acf.hhs.gov/ocs/outreach-material/help-paying-heating-or-cooling>

RESOUS FANMI AK TIMOUN

- **Avans:** Fè pwomosyon pou preparasyon timoun ki gen pi piti pase 5 an nan fanmi salè fèb gras ak edikasyon, sèvis sosyal ak lòt. <https://www.acf.hhs.gov/ohs>
- **Ranfòsman Sipò Timoun:** Biwo Ranfòsman Sipò Timoun fè patenarya ak gouvènman federal, eta, tribal ak lokal ansanm ak lòt pou fè pwomosyon responsablite parantal yon fason pou timoun yo resevwa sipò nan men tou de paran yo menm lè y ap viv nan de fwaye diferan. <https://www.acf.hhs.gov/css>
- **Biwo Gadri Timoun:** Si w pa kalifye pou avantaj gadri timoun 1199SEIU, Biwo Gadri Timoun sipòte fanmi salè fèb k ap travay ak asistans finansyè pou gadri epi fè pwomosyon pou aprantisaj timon pandan l ap amelyore kalite swen bonè ak edikasyon ak pwogram paraskolè. <https://www.acf.hhs.gov/occ>
- **Vizit Adomisil Matènèl, Bebe, ak Anfans Bonè (MIECHV)** fasilite kolaborasyon ak patenarya nan nivo federal, eta ak kominote pou amelyore sante timoun a risk gras ak pwogram vizit adomisil. Pwogram nan antre an kontak ak fanm ansent, papa ki pral gen pitit, ak paran epi moun k ap bay timoun ki gen mwens pase 5 ane swen. <https://www.acf.hhs.gov/occ/home-visiting>

- **Benefits.gov:** Ou ka jwenn avantaj gouvènman ki gen rapò ak asistans chomaj, swen sante, manje ak nitrisyon. Gade pou ki avantaj gouvènman w kalifye sou <https://www.benefits.gov/benefit-finder>
- **Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP):** SNAP ofri avantaj nitrisyon pou konpleman bidjè manje fanmi ki nan bezwen yon fason pou yo kapab achte manje sen epi pwogrese nan direksyon otonomi. <https://www.fns.usda.gov/snap/supplemental-nutrition-assistance-program>

PWOGRAM GRANMOUN AJE

- **Lokalizasyon Swen Granmoun Aje:** Yon sèvis piblik ki konekte fanmi ak sèvis pou granmoun aje. <https://eldercare.acl.gov/Public/Index.aspx>
- **Administrasyon sou Vyeyisman:** Sèvis ak pwogram pou ede granmoun aje viv nan fason endepandan lakay yo ak nan kominote yo. <https://acl.gov/about-acl/administration-aging>
- **Asosyasyon Ameriken Moun Retrete (AARP):** Ofri diskont, pwogram ak sèvis pou moun ki gen plis pase 50 lane. <https://aarp.org>

SIPÒ POU FANMI MILITÈ

- **Biwo Pwogram Anplwa pou Veteran (FEDShireVETS):** Jwenn yon lis ajans federal ak Kontak Pwogram Anplwa pou Veteran yo. <https://www.fedshirevets.gov/veterans-council/agency-directory/>
- **Sante Veteran ak Militè:** Resous pou veteran k ap chache enfòmasyon sou pwoblèm sante yo genyen akoz patisipasyon yo nan gè. <https://medlineplus.gov/veteransandmilitaryhealth.html>
- **Sèvis Aktif ak Sante Fanm Veteran (WomensHealth.gov):** Jwenn enfòmasyon ak resous pou fanm veteran. <https://www.womenshealth.gov/about-us/what-we-do/programs-and-activities/active-duty-and-veteran-womens-health>
- **Liy Kriz Veteran:** Veteran ki nan kriz emosyonèl genyen aksè ak konseye antrete, 24/7. Veteran yo ka rele nimewo Liy Ijans lan, 1 800-273-TALK (8255), epi peze “1” pou yo konekte yo ak Liy Ijans Suisid Veteran an. <https://suicidepreventionlifeline.org/help-yourself/veterans/>